

**Lekòl Piblik Lynn**  
**Sant Pou Enfòmasyon Paran**



**Prosedì Apèl Pou**  
**Plasman Etidyan**

**Biro Administratif**  
**100 Bennett Street, 1<sup>st</sup> Floor**  
**Lynn, MA 01905**

**Tel: (781) 592-8796**  
**Fax: (781) 598-3160**

# Prozedi Apèl

## Règ sou Plasman Etidyan

Dapre Plan Volontè nan Lekòl Piblik Lynn pou Amelyorasyon Lekòl ak Eliminasyon Izolman Minoritè, ke Komite Lekòl Lynn ak Konsèy Edikasyon Eta Massachusetts aprouve, **tout etidyan yo ka ale nan lekòl katye yo.** Demann pou plasma nan lekòl ki pa nan katye-a determine sou baz izolasyon rasyal ak kapasite sal klas nan lekòl ki pa nan katye-a.

Plasman ki pa nan katye-a pa garanti. Etidyan nan katye-a ka pran plas sila yo ki pa nan lekòl nan katye pa yo si klas la pa ka pran plis elèv (30 etidyan). Si yo deplase yo, y ap mande elèv ki deyò distri yo pou yo ale nan lekòl distri yo a oubyen nan yon lòt lekòl ki chwazi sou baz admisibilite, jan sa esplike anwo la a.

Nan kèk ka, plasma ke paran yo mande-a pa yon opsyon ki disponib selon gid a swiv yo. Si paran vle refize plasma nan youn lekòl opsyon yo, li gen dwa pou'l mande yon chanjman plasman/pou rezon sila yo:

### **Sante**

- Manke yon enfimyè an plen tan
- Lokal ki aksesib inivèsèlman

*Prèv Obligatwa:*

Lèt doktè e/ou prèv ki soti nan men responsab lekòl avan

### **Sekirite**

- Viktim de presyon ekseksif e/ou abityèl
- Aso ak baton
- Menas an rapò ak Gang

*Prèv obligatwa*

Rapò polis e prèv ki soti nan men responsab lekòl yo (direktè, ofisye disiplin e/ou konseye nan lekòl)

### **Chanjman nan Deziyasyon Rasyal**

- Chanjman deziyasyon rasyal akòz yon erè nan enfòmasyon sou etidyan
- Erè nan deziyasyon rasyal pandan enskripsyon an

*Dokimantasyon Obligatwa:*

Fòm Sondaj sou Ras avèk nouvo deziyasyon rasyal la e/ou afilyasyon tribal ou fòm atachman kominotè

## **Frè/Sè**

- Yon frè/sè de yon etidyan ki ale nan yon program nan yon lekòl ki pa nan zòn li pa chwa

Ka sa yo dwe swiv direksyon sou Règ pou Plasman Etidyan dapre Plan Volontè pou Amelyorasyon Lekòl ak Eliminasyon Izolasyon Minorite.

*Dokimantasyon obligatwa:*

Yon Fòm Apèl ki endike non ak nimero ID frè ou sè ki ale nan lekòl ki pa nan distri pa'l la

Apèl ki soumèt pou rezon sa a aprouve pandan enskripsyon an e/ou pandan prosedi transfè etidyan si kapasite klas la pèmèt sa; sinon non li prale plase sou yon lis datant.

**Se staf Sant pou Enfòmasyon Paran yo ki an chaj prosis apèl la. Pandan ane lekòl la, yo fè paran/gadyen yo konnen desizyon sou apèl ki pran atravè Sant pou Enfòmasyon Paran pandan yon peryòd de yon semèn.**